

# Vaksen COVID-19 yo ki disponib nan Etazini.



Vaksen COVID-19 yo pral **redui grandman chans ou yo pou w pran COVID-19** epi vin malad pi grav, etène oubyen mouri. Nou toujou ap aprann sou konbyen tan pwoteksyon vaksen sa yo ap bay la dire.

	Pfizer-BioNTech	Moderna	Johnson & Johnson (Janssen)
<b>Ki jan li fonksyone</b>	Founi materyèl jenetik (mRNA ki endike kò a kòman pou pwodui pwoteyin spikil kowonaviris. Sistèm iminitè a reyaji ak pwoteyin spikil la epi konstui yon defans kont li.	Founi materyèl jenetik (mRNA ki dikte kò a kòman pou pwodui pwoteyin spikil kowonaviris. Sistèm iminitè a reyaji ak pwoteyin spikil la epi konstui yon defans kont li.	Itilize yon viris san danje pou anseye kò ou kijan pou konstui pwoteyin spikil kowonaviris la. Sistèm iminitè ou an apre sa reyaji ak pwoteyin nan epi konstui yon defans kont li.
<b>Konbyen dòz ki nesèsè?</b>	<b>De dòz</b> , ideyalman 21 jou apa	<b>De dòz</b> , ideyalman 28 jou apa	<b>Yon dòz</b>
<b>Kilè y ap konsidere mwen vaksinen konplètman?</b>	<b>14 jou</b> aprè dezyèm dòz ou an	<b>14 jou</b> aprè dezyèm dòz ou an	<b>14 jou</b> aprè ou fin pran dòz la
<b>Efè segondè ki komen yo aprè vaksen</b>	<b>Reyaksyon ak sit enjeksyon yo:</b> doulè, anfleman, woujè <b>Efè segondè jeneral yo:</b> fatig, tèt fè mal, doulè nan miskl, frison, fyèv, noze, doulè nan jwenti, gangliyon lenfatik yo anfle	<b>Reyaksyon ak sit enjeksyon yo:</b> doulè, anfleman, woujè <b>Efè segondè jeneral yo:</b> fatig, tèt fè mal, doulè nan miskl, frison, fyèv, noze, doulè nan jwenti, gangliyon lenfatik yo anfle	<b>Reyaksyon ak sit enjeksyon yo:</b> doulè, anfleman, woujè <b>Efè segondè jeneral yo:</b> fatig, tèt fè mal, doulè nan miskl, noze, fyèv
<b>Ki sa mwen ta dwe fè si mwen santi m malad aprè mwen fin pran dòz mwen yo?</b>	Mete yon twal pwòp, fre, mouye sou bra ou kote ou te pran dòz la pou ede ou avèk doulè a. Itilize oubyen fè egzèsis avèk bra ou. Si ou genyen yon fyèv, bwè anpil likid, abiye lejèman epi repoze. Si ou <b>toujou gen doulè aprè 24 èdtan, pale avèk doktè ou konsènan pou pran Tylenol oubyen lot medikaman</b> ou kapab achte san yon preskripsyon. Enskri pou <b>v-safe</b> , kote ou kapab itilize yon telefòn entelijan pou rakonte CDC konsènan tout efè segondè aprè ou fin pran yon vaksen COVID-19. Nan majorite ka, malalèz ki soti de lafyèv oubyen doulè nan bra oubyen anfleman kote ou te pran piki a <b>p'ap dire plis pase kèk jou</b> aprè yon dòz vaksen COVID-19. Kontakte doktè ou an oubyen pwofesyonèl swen sante ou si woujè a oubyen si sansibilite kote ou te pran piki a ogmante aprè 24 èdtan oubyen si efè segondè yo ba ou enkyetid ou pa sanble yo prale aprè kèk jou.		
<b>Kisa ki konplikasyon ra yo?</b>	<b>Ajans sante piblik yo ap envestige rapò ra sa yo.</b> <b>Konplikasyon posib</b> avèk vaksen Pfizer-BioNTech oubyen Moderna ki gen ladan yo enflamasyon kè ki rele myokadit ak perikadit. Pou vaksen Johnson & Johnson, konplikasyon ki posib yo genyen ladan yo divès kayo sangen avèk yon fèb kantite plakèt ak yon twoub sistèm nève ki rele sendwom Guillain-Barré. Si ou gen kesyon sou kondisyon sa yo, <b>pale avèk pèsònèl swen sante ou oubyen rele 877-VAX-IN-VA (877-829-4682)</b> . Pou enfòmasyon adisyonèl, tanpri konsilte Sekirite Vaksen COVID-19 ( <a href="https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/safety-of-vaccines.html">cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/safety/safety-of-vaccines.html</a> ).		

7/29/21



Aprann plis nan Edikasyon pasyan - Enfòmasyon sou Vaksen  
[vdh.virginia.gov/covid-19-vaccine/patient-education/](https://vdh.virginia.gov/covid-19-vaccine/patient-education/)

